*Кхиэл къобалйархойн бакъо йац:*

• зуламечу гIуллакхе ладогIар дIахьуш а долуш, кхиэлан кхеташонан чуьра арабийла;

• кхиэлан вердикт йеш, хаттарш дийцаре дахкале, толлучу гIуллакхан хьокъехь шайна хетарг дIаала;

• кхиэлан хIоттамехь боцучу нахаца толлучу гIуллакхан хьокъехь тIекаре хила;

• кхиэлан кхеташонехь доцуш, зуламечу гIуллакхца боьзна хаамаш гулбан;

• кхеташонан а, шайна хьалха хIиттинчу хаттарийн хьокъехь кхиэл къобалйархойн хиллачу харжаман а къайле йохо.

Суьдхочо хьалхxе дIахоуьйту кхиэл къобалйархошна, нагахь санна билгалбаьхна лехамаш бохийча, кхиэл къобалйархо суьдхочун инициативица йа агIонехь болчеран дехарца зуламе гIуллакх талларна йукъара дIаваккха йиш хилар. ДIаваьккхинчун метта тIаьхьалонан кхиэл къобалйархо хIоттаво.

Бехказа бахьана а доцуш, суьде ца веанчу кхиэл къобалйархочунна ши эзар пхи бIе соьман барамехь гIуда тоха тарло.

Къобалйархошна тIедожийна декхарш кхиэл къобалйархочунна суьдехь теллинчу тоьшшалашца, цхьа дуьхьало а йоцуш, шега сацам байта тIеэцна ду.

Тидаме а, жоьпалле а хила, суьдехь долуш долчу гIуллакхца доьзна дерриге тоьшаллаш талла шун бен аьтто бац. Кхечеран шайн сацамна тIеIаткъам бан аьтто ма хилийта.

**Кхиэлан зал чуьра низам**

Билгалйинчу хена чохь председатело кхиэлан кхеташо дIайолайо, муьлха зуламан гIуллакх талла дезаш ду, дIахьедо.

Кхиэл къобалйархойн а, процессан массо декъашхойн а лелар гIиллакхе, оьзда хила деза. Прокурор, ларвархо кхиэл къобалйархошца ларамe хуьлу, цкъацкъа къаьсттана ларамe, процессехь къамелан гIуллакхан кеп ларйан а, гIиллакхе хила а декхарийлахь бу.

Хууш ма-хиллара, кхиэлан процесс йоьдуш йолуш, кхиэл къобалйархо совнаха хIуманашна йукъарвийла ца веза, накъосташца къамеле вийла а, гIуллакх толлуш долуш, суьдан кхеташонан чуьра аравала магош дац. ДегIера хьал дика ца хилла, йа вукху бахьанашна аравала дезаш нислахь, кхиэл къобалйархочо лакхарчун йа кхиэлахочун терго шена тIейерзо йеза йа суьдхочо садаIаран хан кхайкхайаллалц Iан веза.

Кхиэл къобалйархочо кхиэлан талларехь гӀуллакхан тоьшаллийн хьокъехь хезаш дийца а, комментареш йала а мегаш дац. Иштта, сацам бийцаре бале, толлучу гӀуллаккхах лаьцна шена хетарг дийца а оьшуш дац.

Къобалйархочо лерина шен синхаамашка а, хиллачун хьокъехь шена хетачуьнга а ладогӀа деза. РФ Лакхарчу Кхиэло къобалйархойн лакхарчо адвоката-ларвархочо къамел деჩу хенахь цуьнан къамелан тактаца корта лестабора аьлла, бакъхиларан вердикт дӀайаьккхина меттиг йу. Йерриге процесс дӀайаллалц меттахъхьуйиш воцуш, тӀулган йуьхь йина Ӏе бохург дац иза, амма эмоцеш гайтарехь кхетаме собар хилар — иза нийса некъ бу.

Кхиэлан кхеташонал арахьа зуламечу гӀуллакхца боьзна хаамаш гулбар дихкина ду къобалйархошна.

Цу массо а дехкарийн хьакъ йолуш Ӏалашо йу — кхиэл къобалйархошна шайга, шайн хьежамашца тешаллийн мах хадо а, гӀуллакхан бахьанийн хьокъехь шайна хетарг ала а аьтто бан. Адаман бакъонашца йоьзначу Европин кхиэло, РФ Лаккхарчу Кхиэло санна, билгалдо: бакъ-кхиэл кхочушхилар тоьаш дац, йукъаралла а тешна хила йеза и кхочушхиларх. Нийсачу процессан битам декъашхойн а, кхиэл къобалйархойн а гӀиллакхе доцучу леларо кхолла ца беза.

Суьдхочун а, агӀонашкахь болчеран а декхар ду кхиэл къобалйархошца лараме хилар. Суьдхочун декхар — кхиэл къобалйархошна зуламе гӀуллакх талла аьтто болу хьелаш кхоллар. Ткъа шу декхарийлахь ду, суьдхочуьнга «Хьан сийлалла» ала а, кхеташоне и чу веъча хьалагӀовтта а.

Нагахь санна кхиэл къобалйархойн зуламе гӀуллакх талларца доьзна хаттарш кхолладеллехь, церан таро йу уьш суьдхочуьнга дӀахьедан, иштта цхьа къаьсттана йа дагахь доцу хьал хилча хаийта а. Масала, хийра стаг толлучу гӀул-

лакхан хьокъехь шуьца тӀекаре вала гӀортахь, мелла а сиха суьдхочуьнга, йа цуьнан гӀоьнче, йа кхиэлан аппаратан белхалочуьнга дӀахаийта деза. Дагадаийта деза, кхиэл къобалйархочун бакъо йац кхиэлан декъашхой боцучаьрца зуламе гӀуллакхан хьокъехь вистхила.

Нагахь санна кхиэлан таллерехь кхин дӀа дакъалаца новкъарло йеш шен бахьанаш кхолладеллехь, шун аьтто бу суьдхочун гӀоьнчехула йа йозанчехула председатель волчу кхиэлахочуьнга хаам бан, йа цаьргахула кхиэлахочуьнца шат цхьаьнакхетийта аьлла, дехар дан.

### Кхиэлехь совгӀаташ: тамехь а, тамехь доцу а

Шуна суьдехь гун долчу а, хаалун долчу а дукха хӀумано шун дог махках доззаллица дузур ду, бакъонца кхочушдинчу декхаро дагна кхачам бийр бу. Суьдехь кхиэл къобалйар-хошца лараме хуьлу, таме хила а хьовсу. Делахь а цхьа хӀума цӀаьххьана а, тамашийна а хета тарло шуна. Уггар хьалха, сацамца доьзначу жоьпаллин дукъаца а, бехкебечарах доглазарца а доьзна ду и. Кхиэлан талларан бакъонаш цайовзаро а, дозанал дехьара къобалйархойн суьдах лаьцна йолчу фильмех а, Даймехкан кхиэлах лаьцна шух тешаро а цхьацца тиларш кхуллу.

Муьлххачу хенахь телефонаш, кхийолу гаджеташ дӀайайъа аьлла, тӀеддила мега шуна, ткъа кхеташо дӀахьучу ханна уьш шуьгара схьа а эцна, суьдхочун сейфехь дӀакъовла а тарло. Цу кепара шайн хӀума дӀайаккхаре философски хьежам хила беза шун.

Дахарехь суьдан процесс, кино чохь санна, динамични ца хуьлу. Йукъарадийлар а хир ду, наггахь шуна кӀордор а ду. Къаьсттана хала хила мега шуьга кхеташонан чу кхайкхаре

хьоьжуш йоккху хан. Иштта киртиг нислахь, самукъадаккха, дог-ойла ца йохо шеца цхьа хIума хилча дика хир ду. Суьде йан йиш йу книга, тегар, шахматаш, кроссвордаца долу журнал дан мега. Аш лелош долчо кхечу нахана новкъарло йан ца йеза, юристаш а, суьдан персонал балхах йукъарабаха а ца беза. Масала, наушникаш йоцуш ладугIуш йолу, чIогIа латийна эшар йогIуш йац.

Наггахь кхиэл къобалйархоша дегабаам бо юридически хаттарш таллалц шаьш кхеташонан зал чуьра арабаьхча. Суьдхочун агIонашкахь берш реза белахь а, бакъо йац и ца дан. IедалхIотточо а, РФ Лакхарчу Кхиэло а, шу а доцуш агIонийн дехарш дийцаре дар тIедиллина, кхиэл къобалйархойн гIуллакхан материалашка болу хьежамаш ца кхолорхьама, законца долу тоьшаллаш бен ца дуьтуш царна. Масала, бехкевечуьнга хьожуш гучуйевлла хIуманаш шуна гайтина, ткъа тIаьхьо хьажаран протокол нийса дина цахилар йа кхиэл йечун пурба а доцуш хьажар кхочушдина хилар хиъна. Иштта протокол гIуллакхан тоьшаллашна йукъара дIадоккху, председатель волчу кхиэлахочо шуьга бехкевечун квартири чохь веран герз хилар хьесапе цаэцар доьху. Амма шуна дицлур дуй и инзаре хIума? И цахаар гIолехь ду, аш бина сацам бакъонца долчу тоьшаллаш тIехь хилийтархьама.

Малхбузерчу фильмашкахь уггаре драматични ду галморзахе лебарш; цхьана чохь («Чикаго» мюзикл) тIах-аьлла адвокат лебар дIахьушшехь хелха а вуьйлу. Россин зуламечу процессашкахь, халахеташ делахь а, леринчу терминех (техникин, лоьраллин, бухгалтеран) дуьзна долу дукха документаш кхайкхадо. Нахе хаттарш даларал хала тIеоьцу и кехаташ дешар. Шу ца кхеташ цхьаъ диснехь, эхь ма хета суьдхочуьнга кехат тIера кхетаза фрагмент йуха йешийта ала, терминийн маьIна даста аьлла, дехар дан а йиш йу шун.

Бехкевийриг, нагахь санна из лаьцна велахь, клетки чохь хир ву (йа «ангали тIехьа»), духарца кхин дIогара кечвелла а хир вац. Цкъацкъа иза чIениг йашаза хир ву, сих-сиха — талламан изолятор чохь баьхначу беттанаша йа шераша бос байна. Бехказаллин презумпцино тIедожийна дерриге тоьшаллаш таллалц, бехкевийриг зуламда цаларар, иза мичча хIуманна тIехь бехкевеш велахь а, цуьнца кхиберш мухха белахь а.

Зулам-девнаш къасторехь дукха ду ойланза ширачу кепехь дIакххехьарш, кхетаме а, нийса а доцуш хеталуш хIуманаш а ду. Цундела бакъ-кхиэл кхочушйан, нийсо толо кхайкхина болчу кхиэл къобалйархойн дакъа сийлахь ду.

## II. ДАКЪА. КХИЭЛАН ПРОЦЕССАН КОЬРТА ДЕКЪАШХОЙ

### Суьдхо

Зулам-девнаш къасторан гIуллакххехь кхиэл йийриг цхьаннах возуш воцу, цхьаьнгга а озабезам боцу арбитр ву. Кхиэл къобалйархошца цхьаьна ларвархочун а, бехкевархочун а къамеле ладугIу кхиэлахочо. Кхиэлахо процессан куьйгалхо ву, цо тергалдо зулам-девнаш къасторан процесс РФ зулам талларца а, кхиэлйарца а йоьзначу кодексо хIоттийнчу кепехь дIайахьар. Цо хила йезаш йолу бакъонийн кеп а, талларан нийсо а латтайо. Кхиэлахочун декхар — Iедалан хьелаш, зулам-девнаш къасторан билггалчу гIуллаккхехь уьш лелоран башхаллаш кхиэл къобалйархошна йовзийтар. Председатель волчу суьдхочо новкъадохуш дош эр ду шуьга.

Кхиэл къобалйархоша, шайга хаттарийн кехат дIаделча, кхеташонан цIа чохь зулам къасторан гIуллакхан бакъдолу хьелаш билгалдан деза, тIаккха, царна тIе а тевжаш, бехкевийриг шена дуьхьал хIиттийнчу хIора а бехкеварехь зуламда ву йа вац сацам бан беза.

Кхиэл къобалйархоша бехкевийриг зуламда леринехь, кхиэлахочо цунна таIзар хIоттадо. Цо тидаме эца деза къобалйархоша бехкевийриг шех доглазаме хила хьакъ долуш ларар йа цаларар. Суьдхочо къобалйархойн сацамна тIе а тевжаш, кхиэл кхайкхайо.

### Пачхьалкхан бехкевархо

Прокурор (пачхьалкхан бехкевархо) пачхьалкхан цIарах зулам дехкаран закон дохийна, зулам диначунна тIаьхьавала

векал вина даржехь верг ву. Прокуроро пачхьалкхан цIарах суьдехь бехкеваран позици йовзуьйту, бехкевечо зулам дина хиларх кхиэл къобалйархой тешо гIерта. Нагахь санна бехкевийриг гучувоккхуш далийна тоьшаллаш кхачаме дацахь, прокурор декхарийлахь ву бехкевар йухаэца. Кхиэлахочун а, прокуроран а даржехь хилла волчу гIараваьллачу оьрсийн юристо А. Ф. Конис нахана гуш-хезаш долуш къамел деш волу суьдхо прокуран идеал лору, кхечу кепара аьлча, нийса, озабезам боцу, бехкевечунна Iиттарш йарехь тIех ца вуьйлу стаг.

Пачхьалкхан бехкеварxочунна тIехь бехк гучубаккхаран дукъ ду, цо суьдехь тешаме, бехкевечун бехк Iорабоккхуш, кхачаме тоьшаллаш, даккхий бахьанаш дало деза. Нагахь санна бехкевечун хьокъехь йолу шеконаш дIайаха прокуроран ницкъ ца кхаьчнехь, бехкевийриг бехказваккха везаш ву, хIунда аьлча оьрсийн суьдехь чIагIдина доцу бехке хилар, чIагIдина бехкецахилар санна, лоруш ду.

Зулам даран гIуллакх нийса таллархьама кхиэл къобалйархоша прокуроран позице лерина ладогIа а, цунах кхета а деза. Прокуроран къамелехь бехкевечун бехк хиларх долу жамIашца доьзна тоьшаллаш хьахадо.

**Ларвархо**

Зулам даран гIуллакххехь ларвархо бехкехетачун а, бехкевечун а бакъонаш, хьашташ лардар кхочушдеш верг а, зулам даран гIуллакх талларехь царна юристийн гIо деш верг а ву [9].

Къобалйархойн суьдехь ларбархойн декъехь дакъалоцу адвокаташа, ткъа цаьрца цхьаьна кхиберш а хила йиш йу (адвокатан статус йоцу юристаш; бакъоларйархой; бехкеве-

чун гергарнаш а). Адвокат хила йиш йу «Россин Федерацехь адвокатан гIуллакхах а, адвокатурех а лаьцна» Федеральни законца адвокатан статус а, адвокатан гIуллакх лело бакъо а йаьккхинарг; цунна лаккхара квалификационни лехамаш хIиттабо (претенденто оьрсийн бакъонашца доьзначу Iилманан экзамен дIало). Адвокат бакъонийн хаттарийн хьокъехь возуш воцу говза хьехамча ву [10].

Адвокат-ларвархочун коьрта Iалашо — бехкевечун бехк цахиларан тоьшаллаш, аргументаш йалор. Цу дуьхьа ларвархоша тайп-тайпана тоьшаллаш дуьхьалхIиттадо, бехкевечун, бохамхочун, тешийн кийтарлонийн анализ йо, хиллачун версиш йовзуьйту, пачхьалкхан бехкевархочун (прокуроран) позицин кхачамбацарш, галморзахаллаш а билгалйоху. Амма тоьшаллийн дукъ ларвархочунна тIе дожийна дац. Бехкевийриг а, цуьнан ларвархо а декхарийлахь вац цхьа хIума а гучудаккха, ур-атталла прокуроро тоьшаллаш ца далийна ала а. Зулам талларехь бехкевийриг а, ларвархо а вист ца хуьлуш Iийнехь а, иза коьрта дац: бехкевечун бехк хиларан бахьана ларалуш дац. Коьртаниг — прокуроро бехкевийриг зуламда хиларан тешаме а, кхачаме а тоьшаллаш далийна хилар.

Тоьшаллийн таллар дIадирзинчул тIаьхьа, ларвархо дерзош къамел дарца вистхуьлу кхиэлахочунна а, кхиэл къобалйархошна а хьалха, ларваран позици йийцаре йеш. Адвокатан къамеле, прокуроран къамеле санна, лерина ладогIа деза. Адвокатан къамело, прокуроран къамело санна, кхиэл къобалйархошна кийтарлонаш а, кхин тоьшаллаш а дагадахкийта а, уьш системе дало а гIо до.

## III. ДАКЪА. КХИЭЛАН ПРОЦЕССАН КЪЕПЕ

### Кхиэлан таллам

Кхиэлан таллар судебни кхеташонехь, зуламца доьзна гIуллакх толлуш, хиллачун бакъдолу хьелаш къасторан Iалашонца тоьшаллаш далоран, уьш талларан суьдан а, бехкеваран, ларваран агIонийн а гIуллакхдар бохург ду.

Кхиэлан таллар дIадолало пачхьалкхан бехкеврхочо а, ларвархочо а долоран заявлени дарца. Бехкевеш масех прокурор хила а йиш йу, ткъа цхьана бехкевечун ларварехь масех ларвархочун дакъалаца йиш йу; билгалдина ма-хиллара, ларвархойн декъехь адвокаташ хилла ца Iаш, адвокатийн палати йукъа богIуш боцурш хила а йиш йу.

Долочу заявленехь пачхьалкхан бехкевархочо бехкеваран дуьхе кхиаво, ша далош долчу тоьшаллийн талларан къепе ло. Ларвархочо, бехкевечух дага а ваьлла, йовзуьйту бехкеваран хьокъехь йолу позици а, шегахь долчу тоьшаллийн талларан къепех хетарг а.

Суьдхочо къастайо далийнчу бехкаваран хьокъехь бехкевечун позици: бехкевийриг цунах кхеташ вуй, цунна ша бехке хетий. Бехкевечун ша бехке цахилар йа шен бехк буьззина йа буьззина боцуш хилар дIахьедан йиш йу. Бехкевечун вистцахилар «Бехке вац» жоьпан метта ларалуш ду.

Кхиэл къобалйархойн декхар — прокуроро а, ларвархочо а далийна тоьшаллаш талларна лерина тIехьажар, коьрта хаамаш дагахь латтор йа, эшахь, дIайазбар. Йиллина дIахьуш йолчу процессан аудиозапись йан а бакъо йу кхиэл къобалйархочун. Суьдхочо шен инициативица йа агIонашкахь болчеран дехарца зуламе гIуллакхна йукъара дIадоху хилийта йиш йоцу тоьшаллаш.

Суьдан талларехь хилийта йиш йоцчу тоьшаллийн хаттар хIоьттинехь, и хаттар кхиэл къобалйархой а боцуш, талла деза. Прокурорана а, ларвархочунна а хетачуьнга ладоьгIначул тIаьхьа суьдхочо, хилийта йиш йоцуш долу тоьшалла дIадаккха аьлла, сацам бо.

Кхиэлан талларехь кхиэл къобалйархой а болуш, цара шайн йолуш йолчу бакъонашца чIагIдина тоьшаллаш бен талла йиш йац.

Бехкевечух лаьцна хаамаш зуламан цхьайолу билгалонаш къасто оьшучу барамехь толлу, кхиэл къобалйархоша дакъа а лоцуш. Хьалха лаьцна хиларх, алкоголик йа наркоман хиларх болу, иштта кхиболу кхиэл къобалйархой бехкевечун хьокъехь тиларчу бига мегаш болу хаамаш таллар дихкина ду.

**АгIонийн прени бохург хIун ду?**

Кхиэлан таллар дIадирзинчул тIаьхьа, суьдхо кхиэлехь пренина (дийцаредар) тIеволу. «Прения» боху дош «преть» хандашах схьадаьлла ду, паччахьан йовхачу палаташ чохь кхеташоне хевшина Iаш хиллачу бояршна санна хьацар дала; Думехь болчу бояраша кхин а чIогIа ларам хилийтархьама масех кетар йухуш а, коьрта чо болу масех куй туьллуш а хилла.

ХIинцалерчу оьрсийн суьдехь кхиэлан прениш бехкевархочун а, ларвархочун а къамелех лаьтта.

Дийцаредаршкахь, иштта, бохамхочун а, цуьнан метта волчуьнан а дакъалаца бакъо йу. Лехамхочун а, довхочун а, церан метта лелачеран а, бехкевечун а бакъо йу дийцаредарш хилийта аьлла дехар дан, ткъа церан дехар кхочуш ца дан йиш йац.

Дийцаредаршкахь дакъалоцучеран къеп судо хIоттош йу. Дукхахьолахь, дуьххьара вистхуьлу бехкевархо, ткъа тIаьххьара — бехкевийриг, ларвархо. Довхочо а, цуьнан метта волчо а кхиэлан дийцаредарехь лехамхо, цуьнан меттаверг вистхилучул тIаьхьа къамел до. Психологша чIагIдо, уггаре дика дагахь латтташ долу заявлениш дуьххьара динарш, чаккхенгахь динарш ду («йистан эффект»).

Кхиэл къобалйархоша цхьалхадаха магош долчу хаттарийн хьокъехь бен дIахьуш ца хуьлу кхиэлан дийцаредарш. АгIонийн бакъо йац вердикт йинчул тIаьхьа кхиэл къобалйархой боцуш толлуш долчу хаттарех хьакхадала (юридически хаттарех, масала, даьллачун квалификацех, таIзарх, зуламо динчу зен такхаран барамах, суьдан харжаш дIасайекъарх лаьцна). Нагахь санна дийцаредаран дакъалацархочо и тайпа хаттарш луш хилахь, председатело иза сацаво, кхиэл къобалйархой кхетабо и хьелаш сацам беш тидаме эца дезаш цахиларх.

АгIонийн бакъо йац шайн позицехь билгалйинчу къепехь ца хила йиш йоцчу йа суьдехь теллина доцчу тоьшаллашна тIетовжа. Суьдхочо йукъардоккху иштта къамел, кхиэл къобалйархой кхетабо и хьелаш сацам барехь тидаме эца оьшуш цахиларх. Таллам кхоччуш йа законца дIабаьхьна бац бохуш, ларвархоша йеш йолу Iиттарш а совцайо суьдхоша.

Суьдан бакъо йац агIонийн пренин йохаллин доза хIотто. Амма председатель волчу суьдхочун бакъо йу дийцаредарехь дакъалоцуш верг сацо, нагахь санна иза толлуш долчун хьокъехь доцчу хьелех йа хила йиш йоцчу тоьшшаллех лаьцна дийца волалуш велахь.

Массо а пренехь вистхиллачул тIаьхьа, царах хIораннан а аьтто бу кхин цкъа а репликица вистхила. ТIаьххьарчу репликин бакъо бехкевечун йа цуьнан ларвархочун йу.

### Бехкевечун тӀаьххьара дош

Дийцаредар дӀадирзинчул тӀаьхьа, председатель волчу суьдхочо бехкевечуьнга тӀаьххьара дош олуьйту. Бехкевечо тӀаьххьара дош олучу хенахь цуьнга цхьа а хаттарш дар магош дац.

Бехкевечун тӀаьххьарчу къамелан дохаллин цхьа билггал хенаца доза тоха йиш йац суьдхочун. Амма председатель волчу суьдхочун бакъо йу бехкеверг сацо, нагахь санна, иза толлуш долчу гӀуллакхан хьокъехь дуьйцуш вацахь. Масала, бехкеверг сацаво, иза шен биографин дика агӀонаш йийца волалахь (армехь хилла, спортсмен ву, кхиамашна делла совгӀаташ ду) йа цо шен бераш хиларх, шен доьзал халачу хьолехь хиларх лаьцна дийцахь. Бехкевечун бакъо йац шен къамелехь суьдан талламехь дийцаре дина доцчу хаттарех йа тоьшаллех хьакхавала.

ТӀаьххьарчу дешан кеп тайп-тайпана хуьлу; кхиэл къобалйархошка вистхуьлуш бехкевечо байташ хӀиттийна меттигаш а нисло. ГӀуллакхан тоьшаллашка болу озабезаме боцу хьежамаш хийцабалийта мегар дац и бахьанехь.

### Кхиэлахочо некъана олу дош

Кхиэл къобалйархойн коллеги вердикт йан кхеташонан чу бахале, суьдхочо цаьрга тӀаьххьара, новкъа бохуш, дош олу.

Некъана дош олучу заманахь председатель волчу суьдхочунна магийна дац цхьанна а кепехь кхиэл къобалйархошна хьалха хӀиттийнчу хаттаршца доьзна шена хетарг ала.

Некъана дечу къамелехь суьдхочо:

- къобалйархошна бехкеваран чулацам дагабоуьйту;

• зулам дехкарца доьзначу законан чулацам бовзуьйту, цунах кхетабо;

• суьдехь теллина бехкевийриг бехкевеш долу а, и бехказвоккхуш долу а тоьшаллаш дагадохкуьйту, цу хьокъехь шена хетарг а ца олуш, цхьанна а агӀор шен жамӀ а ца деш;

• пачхьалкхан бехкевархочун а, ларвархочун а позицеш йуьйцу;

• къобалйархошна тоьшаллийн мах хадоран коьрта бакъонаш йуьйцу; бехказаллин презумпцин маьӀна; бехкевечун пайдехь йолчу, дӀайаьхна йоцчу шеконийн маьӀна даран къеп; церан вердикт суьдан кхеташонехь теллина долчу тоьшаллаш тӀехь бен латта йиш йоцуш хилар, цхьа а тоьшалла хьалхе хӀоттийна ницкъ болуш цахилар, церан хьесапаш шайна моьттучунна тӀехь йа суьдо хилийта йиш йоцуш леринчу тоьшаллийн бух тӀехь дан мегаш цахилар дагадайитар;

• кхиэл къобалйархойн коллегина тидам бехкевечо кийтарло цайалар йа суьдехь цуьнан вистцахилар юридически маьӀна долуш цахиларна, бехкевечун бехк хиларан тоьшалла цахиларна тӀебохуьйту;

• къобалйархойн кхеташонан, хаттаршна жоьпаш даларан, харжамаш баран, вердикт йаран къепе дагайоуьйту;

• кхиэл къобалйархоша йинчу чӀагӀонан чулацам дагабоуьйту, бехкеваран вердикт йахь, бехкевийриг шех доглазаме хила хьакъ долуш лара йиш хилар.

Кхиэлахочун къамеле ладоьгӀначул тӀаьхьа, шайна хьалха хӀиттийна хаттарш доьвзинчул тӀаьхьа, лакхарчуьнгахула хаттар а делла, кхин а шаьш кхетор деха йиш йу кхиэл къобалйархойн.

АгӀонийн а бакъо йу кхиэлахочун тӀаьххьарчу къамелан чулацамна озабезаме цахиларан принцип йохоран бахьа-

нехь шен резайацар дIахаийта. И дуьхьала хиларш дIахьедо, кхиэл къобалйархой а болуш, талла а толлу.

Цул тIаьхьа, къобалйархойн коллеги вердикт йан кхеташонан чу гулло.

**ХIун (муьлханиг) лору зулам?**

Йукъараллина кхерам бохьуш долу, РФ зулам дехкарца доьзначу законо таIзаран кхерамца дихкина долу гIуллакхаш лору зулам. Зуламан кхераме хилар цо адамна, йукъараллина йа пачхьалкхана эшам йа кхерам беш хиларца гучудолуш ду.

Зулам дарна РФ зулам дехкарца йоьзначу Iедалан къепо билгалдина таIзар ду. Цундела пачхьалкхан органаша, даржехь болчара гучудаьлла хIора зулам талла деза, бехкеберш билга а баьхна, царна нийса таIзар дан деза. Ткъа кхиэл, зуламна тIаьхьбевллачара далийна тоьшаллаш а теллина, бехкевоцчу стагна таIзар ца хилийта декхарийлахь йу.

Суьдан процесс хилале, бакъоларйаран органаша зулам кхочушхилар къаста а дина, хьалххе и талла деза. Цу талламан Iалашо — зулам кхочушдинарг билгалваккхар, бехкебоцурш ларбар.

Таллам бинчул тIаьхьа, талламхочо бехкевар кхуллу. Зуламна тIаьхьаваьллачо бехкеваран сацам тIехь, цул тIаьхьа прокуроро чIагIдина, зуламийн гIуллакхца суьде дIалуш долчу бехкевеш дерзор тIехь дIайаздо.

**Бехкевар** — зулам кхочушдина хилар чIагIдар ду. Бехкевеш дерзоран кепехь луш ду (ткъа нагахь санна тIекхиарца доьзна делахь — бехкаваран актан йа бехкеваран сацаман кепехь).

Суьдана хьалха зулам кхочушдарехь бехкевечух **бехкевийриг** олу.

РФ Конституцин 118 статьяно билгал ма-даккхара, Россин пачхьалкхехь бакъ-кхиэл суьдо бен кхочуш ца йо (кхиэл йечо а, кхиэл къобалйархоша а). Зуламийн гIуллакх таллар башхачу **зуламе дов лелоран** къепехь кхочушдо. Бехкевечунна цуьнан зуламе гIуллакх бакъонца нийса толлург хиларан гаранти луш йолу йерриге а кепаш бохург ду и [11].

Коьртаниг суьдхой а, кхиэл къобалйархой а бакъ-кхиэл кхочушйарехь (зуламийн гIуллакх толлуш) озабезам боцуш хилар а, шайн хьежамашна тIетевжаш хилар а ду. Суьдхочун а, кхиэл къобалйархочун а балхана йукъагIертар законо магийна дац, зулам лоруш ду, РФ УК 294 статьяца [12] зуламца доьзна жоьпаллина тIеозош ду.

### Кхиэл къобалйархойн кхеташо

Кхиэл къобалйархойн кхеташонан куьйгалла деш лакхарниг ву. Цо хаттаран кехат тIехь хIоттийнчу къепехь дийцаре дан а, харжамаш бан а хаттарш хIиттадо, жоьпашна йукъахь харжамаш бо, кхаьжнаш дагардо.

Вердикт йийцаре йеш лакхарниг къобалйархой председатель хуьлу. Цо хIора а къобалйархочунна шена хетарг ала а, кхето а аьтто ло. Дукхахьолахь, кхиэл къобалйархойн чохь хIоттийна горга стол хуьлу, вердикт йарехь берриге а декъашхой цхьабакъо йолуш хилар билгалдоккхуш.

Къобалйархойн декхар — паргIат шайна хетарг вовшашка ала, тоьшаллаш дагадахкийтар, ткъа нийса вердикт йархьама оьшуш хилахь, кхечу къобалйархошца къовса а. Вердикт цхьаьна йийцаре йеш, цхьаболчу къобалйархойн хетарг хийцадала а тарло, шена хетарг хийца кхера

ца оьшу, йуьхьанца иза нийса ца хиллехь, йа кхоччуш нийса ца хиллехь.

Къобалйархоша ларамца тӀеэца деза кхечунна хетарг, царна хетарг тидаме эца а деза. Амма цхьа а къобалйархо декхарийлахь вац шена хетачунна тӀера вала, нагахь санна цунна иза нийса хетахь. Нагахь санна тоьшаллаш йа суьдхочун тӀаьххьара дош кхиэл къобалйархочунна дика дагахь ца лаьттинехь, йа цара цуьнан ойла ца хийцинехь, шена дагадогӀучунна йа дӀайаздинчунна тӀетовжа веза иза.

Дукхахдолчу кхечу мехкашкахь санна, Россехь кхеташон чу ца кховдадо тоьшаллаш (зулам кхочушдаран герз, экспертийн сацамаш, толлуш хьажаран, леваран протокол, суьртан таблицаш). Цундела суьдан талламехь къобалйархочо леррана тидам тӀебахийта беза тоьшаллаш талларна. Наггахь суьдхочо бакъонца доьзначу хаттарийн хьокъехь болу хьехамаш кхиэл къоблайархошка дӀакховдабо (тоьшаллийн мах хадоран лехамаш, бехкевечу зуламан бух). И дехар председатель волчу суьдхочуьнга дан а мегар ду, амма и кхочушдийр ду аьлла гаранти йоцуш.

Кхеташон чохь дуьйцучун йа дийцинчун хьокъехь цхьа а хаам арабаккха йиш йац: йа суьдхочуьнга а, йа агӀонашка а, йа журналисташка, йа гергарчаьрга а — цхьаьнгга а. Йукъарадаккхар ду, нагахь санна кхиэл къобалйархойх цхьамма законца догӀуш доцурш леладахь, масала, вукху къобалйархошна кхерамаш тийсахь йа царна Ӏаткъам бан гӀортахь. Нагахь санна иштта хӀума нислахь, хьем ца беш, дӀахаийта деза къобалйархойн лакхарчуьнга йа суьдхочуьнга.

**Сацам бар**

Кхиэл къобалйархоша сацам бо, хаттарийн кехат тӀерачу хаттаршна хаттарийн рогӀаллица йа башхачу билгалонца хӀоттийнчу къепехь жоьпаш ло.

Хаттарийн кехат тӀехь долчу хаттаршна йукъахь кхаж дӀахьо. ТӀаьххьара харжамаш цӀарца хуьлу. Цхьанна а къобалйархочун бакъо йац харжамехь дакъа ца лаца. Кхиэл къобалйархоша список тӀехь къастийнчу рогӀаллехь кхаж тосу (жимачу номер тӀера йоккхачунна тӀе). Лакхарчо тӀаьххьара тосу кхаж.

Муьлхха а къовсамечу хаттаран хьокъехь йуьхьанцара харжам бар законца мегаш ду. Къобалйархоша куьг айъарца йа кехаташ тӀехь шайн жоьпаш йаздарца кхаж тосу. И кехаташ лакхарчо схьа а гулдой, схьа а доьллий, массарна хезаш хӀора а жоп дӀадоьшу, тӀаккха реза болчеран а, дуьхьал болчеран а кхаьжнаш дагардо.

Кхиэл къобалйархой цхьана бартана тӀегӀерта беза. Массо а хаттаршкахь шайн цхьа барт хиллехь, муьлххачу а хенахь кхеташон чуьра вердикт дӀакхайкхо арабовла йиш йу церан. Нагахь санна и ца хиллехь — кхиэл къобалйархойн бакъо йац кхеташон чу бахана 3 сахьт даллалц харжамца сацам бан.

Нийса хир дацара, монета кхуссуш йа цӀевна йукъара цхьацца чен хелиг схьазош, кхаж тесча. Иштта дора наггахь америкин къобалйархоша, цхьа барт хилийтархьама шайн (бехкеваран 12 кхаж, бехказаваккхаран 12 кхаж). Россехь дерриге хаттарш кхаьжнийн дукхаллица толлу, ткъа кхаьжнаш цхьабосса дӀанисделлехь, бехкевечунна уггаре бакъхьара сацам бо. Цу кепара, областан суьдашкахь биъ кхаж беанна дуьхьал, кӀоштан суьдашкахь кхо кхаж кхаанна дуьхьал бехкевийриг бехказваккхар бохург ду.

Бехкеваран вердикт тӀеоьцу, нагахь санна кхиэл къобалйархоша РФ УПК 339 статьян хьалхарчу декъехь билгалдинчу хаттаршна бехкевар чӀагӀдеш делла жоьпаш алсам делахь (областан суьдашкахь пхеаннал дукха, кӀоштан суьдашкахь деаннал дукха).

Кхиэл къобалйархошна хьалха хӀиттийна долчу хаттаршна делла жоьпаш чӀагӀдаран йа реза цахиларан кепехь хила деза, жоьпан маьӀнех кхетош долчу дашца йа дешнийн цхьаьнакхетарца («ХӀаъ, бехке ву», «ХӀан-хӀа, бехке вац» и. дӀ. кх.).

«Бехке ву» аьлла вердикт йеш, кхиэл къобалйархойн бакъо йу бехкевар бехкевечунна аьтто болчу агӀор хийца. Цу дуьхьа хаттарна жоп луш тӀетохар до. Масала: «Бехке ву, амма вен лаам боцуш».

Къобалйархойн лакхарчо хӀора хаттарна хьалха хаттарийн кехат тӀехь дӀайаздо цуьнан жоп. Нагахь санна хьалхарчу хаттарна делла жоп бахьанехь рогӀерчу хаттарна жоп дала оьшуш дацахь, лакхарчо кхиэл къобалйархойн пурбанца «хаттар дац» олий йаздо.

Нагахь санна жоп харжаме схьаэцна делахь, лакхарчо цунна дуьхьал кхаьжнаш дагардича кхаьчнарг дуьллу. Билггалчу жоьпана тосуш бу кхаж, цундела резаболчеран кхаьжнаш «дуьхьал» болчеран кхаьжнел кӀезиг хуьлийла дац.

Хаттарийн кехата тӀе, жоьпаш тӀе а йаздина, лакхарчо куьг таӀадо.

Кхиболчу къобалйархошца хаттарийн кехат йаздина, суьдан зал чу дахча, къобалйархойн лакхарчо кехат суьдхочунна гайта дӀало. Председатель волчу суьдхочун пурбанца лакхарчо кхиэл къобалйархойн коллегино йина вердикт дӀайоьшу. Нагахь санна лакхарчо кхиэл къобалйархойн коллегино йина йоцу вердикт йешахь, сихха хаам бе суьдхочуьнга.

**Председатель волчуьнан кхин тIе долу кхетораш.**
**ХIиттийна хаттарш къастор.**
**Кхиэлан таллам йухаболор**

Нагахь санна кхеташонехь къобалйархошна хIиттийнчу хаттарийн хьокъехь кхин а тIе кхетораш оьшуш хилахь, уьш кхиэлан зал чу йухабогIу, лакхарчо председатель волчуьнга шайн дехар довзуьйту.

Председатель волчу суьдхочо агIонехь берш а болуш, оьшуш долу кхетораш ло, йа, агIонашна хетачуьнга ла а дугIий, хIиттийна хаттарш нисдо, йа хаттарийн кехат керлачу хатталршца тIедузу.

Хаттарийн кехат тIехь бинчу хийцамийн хьокъехь суьдхочо боцца хьехам ло, кхиэлан кхеташонан протокол тIехь а гойту. Цул тIаьхьа кхиэл къобалйархой кхеташон чу боьлху керла, тайина вердикт йархьама.

Кхеташонехь къобалйархойн зуламийн гIуллакхан хатталршна жоп даларехь доккха маьIна долчу, кхин а тIе талла дезаш долчу цхьадолчу хьелашца йоьзна шеконаш кхоллалахь, уьш йухабогIу кхиэлан кхеташо дIахьучу зал чу, лакхарчо дIахьедо шаьш йухадахкаран бахьана.

Председатель волчо, агIонашна хетачуьнга ла а дугIий, кхиэлан таллам йухаболо сацам бо. Кхиэлан таллам дIабирзинчул тIаьхьа, агIонашна хетарг тидаме а оьцуш, къобалйархошна хьалха хIиттийна хаттарш тодан тарло йа керланаш хIиттадо. Йуха теллинчу хьелийн хьокъехь агIонийн къамелашка а, репликашка а, бехкевечун тIаьххьарчу даше а, председатель волчун хьехаме даше а ладоьгIна, кхиэл къобалйархой кхеташон чу йухабогIу.

Председатель волчу кхиэлахочунна, хаттарийн кехат теллинчул тIаьхьа, вердикт ца кхеташ йа галморазахалла йолу

меттигаш карош а хуьлу. Дукхахьолахь и хуьлу, кхиэл къобалйархоша хаттаран кехат тIехь:

- кхаьжнаш нийса ца бинехь йа цхьа графа йазйан диц-динехь;
- жоп нийса дIа ца йаздинехь: коьртачу дашна хьалха «хIаъ» йа «хIан-хIа» йаздан дицдинехь (биллгал жоп ца делла: «Гучудаьлла ду», «Бехке вац»); тоьшаллех лаьцначу хаттарна «ХIаъ, бехке ву», йа «ХIан-хIа, бехке вац» жоп йаздинехь, йа, мелхо, бехк хиларан хьокъехь «ХIаъ, гучудаьлла ду», йа «ХIан-хIа, гучудаьлла дац» йаздинехь;
- цхьанхьа тIетохар а дина, ткъа кхидолчу хаттаршна жоп лучехь карла ца даьккхина (масала, бехкевечо А. бехкевечуьнца Б. цхьаьна ца дина зулам аьлла билгалдина, амма А. цхьаьна Б. зулам дарехь бехкевар хье ца деш дитина; йа цхьана хаттарна жоп луш кхиэлан талламан хетарехь зулам дарехь лелийна долу диг хьахор дIадаьккхина, ткъа кхечу хаттарна жоп луш, и тIетохар диццдина);
- бехкевечунна тIейаздина гIуллакхаш чIагIдаза лерина, кхидолчу хаттаршна (бехке хилар, шех доглазаме хила хьакъ долуш хилар) жоп луш «хаттар дац» йаздан дицделла;
- хаттарца нийса догIуш доцу жоп йаздинехь (шегара, масала: «Бехке йу, амма цунна гечдан деза»);
- вердикт лакхарчо куьг таIорца тIе ца чIагIдина.

ТIаккха, лакхарчунна шайн сацам бовзийта пурба ца луш, кхиэлахочо ларлуш, кхиэл къобалйархойн кхеташонан къайле ларйеш, хаттарийн кехат йаздеш цара далийтина гIалаташ гойту царна, кхин дIа бан безачу балхана хьехам луш, дош олу. Делахь а, суьдхочун бакъо йац бехкевечун бехке хиларан йа зулам гучудаьлла хиларан хьокъехь кхиэл къобалйархошка шена лууш долу жоьпаш къадо. Коьртачу хатта-

рийн хьокъехь кхиэлахочун хетарг кхиэл къобалйархойн коллегин позиcиx къаьсташ делахь а, процессан хIокху муьрехь вердикт нийса хIотто а, чулацам маьIнехь хилийта а гIерта дезаш ву суьдхо.

Вердикт ца кхеташ йа галморзахалла йолуш хилар бахьана долуш, кхиэл къобалйархой 27-за кхеташонан чу йухабахийтина меттиг а нисйелла суьдан практикехь. И хир дац, нагахь санна кхиэл къобалйархоша хаттарийн кехат тIехь леррана, суьдхочо ма-хьеххара, болх бахь.

**Кхиэл дIайаьлчул тIаьхьа**

Вердикт дIахаийтинчул тIаьхьа председатель волчу суьдхочо кхиэл къобалйархошна баркалла олу, суьдан кхеташонехь кхин дIа дакъалацарх мукъабуьту. Кхиэл къобалйархо, шена лаахь, кхеташон чохь Iан йиш йолуш ву, амма хьажархо санна.

Шун а, кхечу кхиэл къобалйархойн а кхерамазалла ларйархьама, цхьаьнца а вердикт йеш кхеташо дIайахьарх лаьцна дийца ца деза аш. Кхиэл къобалйархойх муьлхачо бехказаваккхаран йа бехкеваран вердикт хаьржина, муьлха бахьанаш далийна — и хаамаш къайленехь биса безаш бу. Билгалбаьхна хаамаш дIасабаржоро шун кхерамзаллина а, иштта кхечеран кхерамзаллина а эшам бо, берриге кхиэлан таллам а, сацам а, суьдхочун кхиэл а бакъ хилар шеконе дуьллу.

Шаьш дакъалацарх лаьцна, интервью йала йиш йу шун, гергарчаьрца а, белхан накъосташца а, йукъараллин зIенашкахь а шайн битамаш бекъа, ур-атталла мемуараш йазйан а мегар ду аш, амма кхиэл къобалйархойн кхеташонан къайле Iалашйаран бакъо лар а йеш.

**Авторийн тӀаьххьара дош**

Тхуна къобалйархойн кхиэл а йеза, къоман кхиэлахойн декъе хӀоьттинчу гражданашна лараман хьакъ дӀа а ло оха. Цу тӀехь дагалацаман автораш цхьалха бац. Доьху шуьга, дагна тӀеэцийша гӀарабевллачу оьрсийн юристаша кхиэл къобалйархошка аьлла тхох муьлхха а тӀетовр волу дешнаш.

**Анатолий Федорович Кони** (прокуроран къамелера ахархо Емельянова цуьнан цӀийндас хина бухайахийтарца доьзначу гӀуллакхан хьокъехь): «*Бехкевар дерзош, йуха а карладоккху ас, хӀара санна гӀуллакх толлуш, хьекъалан, эхь-бехкан ницкъ оьшур бу. Амма со тешна ву халачу декхарна хьалха шу йухадевриг цахиларх, бехкеваран Ӏедал цадаларе терра, делахь а, аш кхечу кепара цхьалхадаккха а тарло и*».

**Николай Платонович Карабчевский** (Ольга Палеман гӀуллакхан хьокъехь къобалйархойн векало динчу къамелера): «*Муьлххачу а кхолларaллин белхан хьалхара а, коьрта бехкам – чоьхьара паргӀато йу. Нагахь санна озабезаме хьежамаш аш суьде беанехь, сан болх эрна хир бу. Кхиэлан хьежаман дуьхьал болу шун хьежамо ас мел эр долчунна, ларвархочун декъехь сан ала йиш мел йолчунна карзахдохур Ду шу... Эрна а, хала а болх! Цо кӀаддийр ду вай. Шун суьдан болх нийсахиларан шолгӀа а, коьрта а бехкам – шу мах хадо безачу материале, ларлуш, критически хьажар*».

**Федор Никифорович Плевако** (Н. Каструбо Карицкий бехказвоккуш къобалйархойн векалан къамелера): «*Сацамца къовсамаш а, ... совцо шун рагӀ тӀекхаьчна. Хьекъало а, дахарехь зеделлачо а кхоьллинчу шун эхь-бехко хьоьхур болу сацам аш баре тешамца хьоьжуш ву со. Суьдан талламехь шун кхоллабеллачу хьежамийн кхиэл аш йаре хьоьжуш ву со. И хир дац муха дагадеъна хууш доцу, хьесап доцу жам1. Аш шаьш Ӏе-*

*хадойтур дац... Нах, йукъараллина нийса кхиэл оьшу; нийсачу кхиэло суьдехь бехк гучубаькkхинчарна таІзар дан деза*».

Йуханехьарчу зІен, отзывийн, критикин, предложенийн, хьехарийн, цхьаьнагІуллакхдаран электронни почта: n.bushtets@mail.ru

Шун откликаша рогІера арахоьцург кхин дика хилийта гІо дийр ду!

Кхиамаш хуьлда, лараме йешархо!

**Билгалдахарш**

[1] №113-ФЗ «Россин Федерацин йукъарчу юрисдикцин федеральни кхиэлийн кхиэл къобалйархойх лаьцна» цІе йолчу 2004 шеран 20 августан Федеральни законан 3 статья.

[2] РФ Зулам дехкарца йоьзначу кодексан 86 статьяно билгал ма-даккхара, зулам дарна бехкевинарг бехке лара-луш ву бехкеваран кхиэл законехь дІайолайеллачу дийнахь дуьйна кхиэл текхна валлалц йа и дІайаккхалц.

Кхел кхочушйина хилар дІайоккху: а) билламе кхел йиначарна, — зеран хан чеккйаьлча; б) маршонах ваккхарал дайн таІзар диначарна, — кхиэл текхна цхьа шо дІадаьллачул тІаьхьа; в) кІезиг йа йуккъерчу йезаллин зуламаш дарна маршонах баьхнарш, — кхиэл текхна кхо шо даьлча; г) даккхий зуламаш дарна маршонах баьхнарш, — кхиэл текхна бархІ шо дІадаьлча; д) къаьсттана даккхий зуламаш дарна маршонах баьхнарш, — кхиэл текхна итт шо дІадаьлча.

[3] №113-ФЗ «Россин Федерацин йукъарчу юрисдикцин федеральни кхиэлийн кхиэл къобалйархойх лаьцна» цІе йолчу 2004 шеран 20 августан Федеральни законан 3 статья.

[4] №113-ФЗ «Россин Федерацин йукъарчу юрисдикцин федеральни кхиэлийн кхиэл къобалйархойх лаьцна» цІе йол-

чу 2004 шеран 20 августан Федеральни законан 11 статьян 3 дакъа.

[5] №113-ФЗ «Россин Федерацин йукъарчу юрисдикцин федеральни кхиэлийн кхиэл къобалйархойх лаьцна» цIе йолчу 2004 шеран 20 августан Федеральни законан 11 статьян 2 дакъа.

[6] РФ Конституцино, №1-ФКЗ «Россин Федерацехь суьдан системех лаьцна» цIе йолчу 1996 шеран 31 декабран Федеральни конституционни законо, 1992 шеран 26 июлян №3132—1 йолчу «Россин федерацехь кхиэлахойн статусех лаьцна» Россин Федерацин Законо, 1995 шеран 20 апрелан №45-ФЗ йолчу «Кхиэлахой а, бакъоларйаран а, тIехьожучу а органийн даржехь берш а пачхьалкхо ларбарх лаьцна» Федеральни законо.

[7] 1995 шеран 20 апрелан №45-ФЗ йолчу «Кхиэлахой а, бакъоларйаран а, тIехьожучу а органийн даржехь берш а пачхьалкхо ларбарх лаьцна» Федеральни законан 13 статья.

[8] Россин Федерацин зуламийн-процессуальни кодексан 333 статья.

[9] 2001 шеран 18 декабран №174-ФЗ йолчу Россин Федерацин Зуламийн-процессуальни кодексан 1 декъан 49 статья.

[10] 2002 шеран 31 майн №63-ФЗ йолчу «Россин Федерацехь адвокатийн г1уллакххех а, адвокатурех а лаьцна» Федеральни законан 1 декъан 2 статья.

[11] «Уголовный» боху цIе «голова» (корта) бохучу дашах схьайаьлла. Ширачу заманахь дуьйна и цIе йисна суьдана тIехь, хьалха хIора а зулам дарна корта боккхуш хилла боху маьIна а дагдоуьйту цо.

[12] Суьдан гIуллакхна бакъ-кхиэл йарна новкъарло йан Iалашонца йукъагIортарна ши бIе эзар соьме кхаччалц йа

белхан алапан барамехь йа берхlитта беттан кхечу тlедогlучун барамехь гlуда туху; шина шаре кхаччалц йолчу хена чохь ца ваьлла бен белхаш бойту, йа йалх бутт кхаччалц чуvуллу, йа ши шо кхаччалц хан тухий, маршонах воккху.

[13] РФ УПК 339 статьян хьалхара дакъа:

«I. Бехкевийриг бехкевечу хlора гlуллакхехь коьрта кхо хаттар хlоттадо:

- дар хилла аьлла, тоьшалла далийний;
- и дар бехкевечо дина аьлла, тоьшалла далийний;
- и дар кхочушдарехь бехкевийриг бехке вуй».

Становление правосудия в Чеченской Республике

К 100-летию Чеченской Республики

*Перевод на чеченский язык* С-Х. С-Э. Ирезиев

*Перевод на чеченский язык* М. С. Закраилова

*Корректор* Юлия Георгиевна Церевитинова

*Корректор* Олег Юрьевич Турутин

Создано в интеллектуальной издательской системе Ridero

В издании содержится анализ основных исторических событий, связанных с развитием и становлением правосудия в Чеченской Республике. В целях просвещения населения об особенностях правосознания чеченского народа в книге описывается влияние адатов (обычаев) и шариата на формирование правовой системы России.

Материал основан на архивных источниках, научной и тематической литературе.

Для широкого круга читателей и всех интересующихся историей российского правосудия, государства и права.

ISBN 978-5-0062-3956-2

9 785006 239562 >

Rideró

**_Rideró.ru_** — издай книгу бесплатно!